

Aetna Better Health® of New York

101 Park Avenue, 15yèm etaj
New York, NY 10178



<Date>

<Name>

<Adrès>

<Vil, Zip Kòb Eta a>

Aetna Better Health® of New York

Avi Anyèl sou Chanjman yo

Chè manm Aetna Better Health of New York,

Nou ta renmen pwofite okazyon sa a pou nou remèsye w paske w kontinye rete manm nan **Aetna Better Health of New York** Managed Long-Term Care (MLTC). Nou kontan paske nou se patnè ou nan swen sante, epi se yon privilèj pou nou sèvi ou. N ap bay avi anyèl sa a pou nou konseye w sou kijan ou ka jwenn aksè ak Repètwa Founisè Aetna Better Health of New York la, fason ou ka dezabone ak Aetna Better Health of New York, ak lòt enfòmasyon ou ka jwenn sou sitwèb nou an, [www.Aetna Better Health.com/NY](http://www.AetnaBetterHealth.com/NY)

- Aetna Better Health of New York ap amelyore Rezo Founisè li yo pandan tout ane a. Si ou vle yo voye yon Repètwa founisè pou ou pa lapòs, oswa si ou bezwen èd pou w jwenn yon founisè nan rezo a, tanpri rele Sèvis Manm yo (Member Services) nan **1-855-456-9126**, Nou itilize sèvis NY Pou manm ki gen pwoblèm tandè yo, tanpri rele sèvis relè New York la nan 7-1-1.
- Ou ka voye demann sa sou imèl ban nou tou sou NY_MemberServices@aetna.com. Yo mete repètwa enprime yo ajou chak ane. Tanpri, konsilte repètwa founisè a anliy sou <https://www.aetnabetterhealth.com/ny/find-provider> pou w jwenn enfòmasyon ki pi egzak epi ki ajou. W ap resevwa yon avi lè gen yon chanjman ki afekte w.

Avi Anyèl sou Dwa Dezabònman

Enskripsyon ou nan Aetna Better Health of New York volontè. Ou ka dezabone volontèman nan Aetna Better Health of New York si ou santi ou pa bezwen sèvis swen alontèm ankò, si ou vle transfere nan Fee-For-Service Medicaid oswa nan yon lòt Plan Swen ki Jere Alontèm. Si dezabònman w lan se akòz ou pa satisfè ak plan nou an, tanpri kontakte Jesyonè Swen ou an pou nou ka trete nenpòt ensatisfaksyon oswa rezoud nenpòt pwoblèm ou ta ka genyen. Apre ou fin ban nou yon avi sou volonte ou pou dezabone a, Aetna Better Health of New York ap ba ou yon avi alekri ki konfime nou te resevwa entansyon ou pou dezabone a, epi y ap ba ou yon dat pou fen kouvèti

aetnabetterhealth.com/newyork

NY-20-07-21 v8

ou a antre an vigè. Dat pou dezabònman an antre an vigè a se premye jou nan mwa ki vini apre mwa yo te trete dezabònman an.

Y ap mande w pou w siyen yon Fòmilè Dezabònman Volontè. Aetna Better Health of New York ap kontinye bay avantaj ki kouvri yo jiska dat pou dezabònman an antre an vigè. N ap fè tout rekòmandasyon nesèsè pou sèvis altènatif, Aetna Better Health of New York pa kouvri ankò yo, apre dat dezabònman an.

Tanpri, sonje si ou dezabòne epi ou kontinye bezwen sèvis swen alontèm, ou ka pa kapab jwenn sèvis sa yo ankò nan pwogram Medicaid Fee-For-Service (FFS) la. Ou ka rantre nan yon lòt MLTC, yon plan Mainstream Managed Care (si se Medicaid sèlman) oubyen yon pwogram sèvis egzonerasyon Eta Nouyòk, si w elijib.

Enfòmasyon sa a disponib tou nan lòt fòm. Si ou gen aksè ak entènèt, ou ka jwenn avi sa a tou sou <https://www.aetnabetterhealth.com/newyork> ansanm ak lòt enfòmasyon enpòtan sou plan an tankou Manyèl Manm lan, Avi sou Pratik Konfidansyalite ak Avi Kont Diskriminasyon.

W ap jwenn vèsyon ki ajou nan Avi sou Pratik Konfidansyalite ak Avi kont Diskriminasyon an anekse pou w sere pou dosye ou yo.

Sensèman,

Depatman Sèvis Manm yo
Aetna Better Health of New York